

K

1

Gwo espwa

Patnarya pou
lavni pitit ou

2



3

4

5

6

7

8



**Department of
Education**

Joel I. Klein, Chancellor

Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo bezwen devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalyite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalyite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon destinasyon. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

Men kèk egzanp w ap jwenn sou sa elèv klas 2yèm ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 2yèm ane yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 2yèm ane? Kisa l ap aprann nan klas 3yèm ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou devlope bon abitud etid.

- Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li.
- Ede pitit ou òganize l.
- Fikse yon lè regilye pou devwadmezon.
- Asire ke pitit ou konnen règleman pwofesè a pou devwadmezon yo.

Pou jwenn lòt lide, ale nan sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.



Elèv ki gen andikap :

Sofsi genyen lòt endikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.

Mande pwofesè pitit ou



Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.

Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzanzp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòme sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

Lang e literati angle (ELA)

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Li tèks enfòmasyon yo pa abitye li (tankou kòmand) pou rasanble ak entèprete done, enfòmasyon ak lide.
- Konpare ak diferansye pèsònaj ak evènman ki nan istwa yo.
- Avèk èd, konpare enfòmasyon sou yon sijè apati plis pase yon tèks.
- Ekri redaksyon entèpretasyon ak redaksyon reyaktif ki idantifye tit, otè, ak ilustratè. Pa egzanp, dekri eleman istwa yo oswa bay yon repons pèsònèl sou tèks la.
- Kreye istwa imajinè ak istwa pèsònèl avèk pwosesis redaksyon (pa egzanp, òganizasyon, bwouyon, revizyon, ak edisyon) tankou imajine lavi nan lespas oswa sou jou yo te resevwa yon nouvo bèt domestik.
- Pale avèk ekspresyon, volim, ritm, ak jès ak figi ak jès ak kò ki apwopriye pou kominikasyon, sijè ak oditwa a.
- Dekode son avèk konesans nan korespondans lèt-son pou kapab dekòde mo yo pa abitye, mo ki plis pase yon silab ki nan nivo klas la.
- Dekode lè yo itilize mo yo konnen ak mo yo abitye pou li nouvo mo.
- Itilize resous òtograf tankou diksyonè, miray ki genyen mo, ak/oswa lojisyèl enfòmatis pou eple mo yo kòrèkteman.
- Ekri fraz nan lòd lojik epi itilize paragaf pou òganize sijè yo.
- Itilize règ pou mo majiskil, ponktiyasyon ak òtograf pou pwodui dokiman final alekri.



Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal fanmi yo ak nan lang Angle tou.

Ankouraje pitit ou pou li pou ti frè ak ti sè li yo, pou kouzen li yo oswa pou lòt timoun ou konnen.

Mande pitit ou pou li jwenn yon foto enteresan epi pou li ekri yon istwa sou foto a. Pale sou fason detay tankou lè nan lajounen oswa kote kapab ede pitit ou kreye pèsònaj, anvivònman ak entrig.

Klike sou bouton “Games” ki sou sit wèb bibliyotèk piblik vil Nouyòk “On-Lion” pou timoun!, kids.nypl.org/arts/activities.cfm, pou yon gwo koleksyon aktivite amizan ki gen pou wè ak liv ak boza.

Yon fwa pa semèn, pran tan pou fè yon rapò sou liv an fanmi. Ede pitit ou jwenn fason kreyatif pou pale osijè liv li pi renmen yo. Pa egzanp, ekri ak resite yon powèm oswa yon chanson sou youn nan pèsònaj yo.

Matematik



Aprantisaj lakay

Ede pitit ou fè pratik estimasyon, avèk objè li jwenn lakay ou. Konbyen liv oswa ti bwat ki sou yon etajè? Konbyen pè chosèt ki nan yon tiwa?

Jwe mizik pitit ou renmen epi koute mizik la ansanm pou sekans—son, liy, mo ak ritm ki chanje ak repete. Diskite sou fason sekans yo chanje nan diferan chanson.

Ale sou sit wèb U.S Treasury Bureau of Engraving and Printing (www.moneyfactory.gov/newmoney/main.cfm/learning/fun) pou jwenn jwèt sou lajan peyi nou an pitit ou kapab transfere nan òdinatè a oswa jwe an dirèk.

Jwe jwèt sosyab (tankou damye).

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konprann sistèm baz dis la :
 - 10 inite = 1 dizèn
 - 10 dizèn = 1 santèn
 - 10 santèn = 1 mil
- Idantifye koneksyon ant adisyon ak miltiplikasyon repete Pa egzanp, $2 + 2 + 2 + 2 + 2 = 10$ epi $5 \times 2 = 10$.
- Rekonèt divizyon konsène separasyon objè an gwoup egal (pataj jis). Pa egzanp, 4 timoun separe 12 bonbon yon fason ki jis. Konbyen bonbon chak timoun ta dwe resevwa?
- Estime kantite objè ki nan yon gwoup ki gen jiska 100 atik. Konte objè yo pou wè konbyen ki nan gwoup la vrèman.
- Klase objè yo an gwoup selon resanblans yo. Pa egzanp, mete tout triyang rektang yo ansanm.
- Itilize senbòl $<$ (pi piti pase) ak $>$ (pi gran pase) pou konpare nonb antye jiska 100. Fè sa avèk oswa san yon liy gradye.
- Prezante done yo nan graf, avèk pòtre (piktograf) oswa ba (istograf).
- Itilize graf pou fè konklizyon ak previzyon.
- Itilize bagay konkrè, tankou blòk, pou montre sa ki pase nan yon pwoblèm matematik. Pa egzanp, montre si ou genyen sèt blòk epi ou retire senk ladan, se de k ap rete.
- Eksplike kouman yo rezoud yon pwoblèm matematik, pou fè konnen pa ki etap yo pase epi pou ki rezon.

Syans

Syans nan klas dezyèm ane ap etidye fòs ak mouvman, matyè latè ak divèsite nan plant.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konnen epi montre fòs gravite atire objè yo vin nan sant latè.
- Obsève ak dekri kouman fòs gravite atire objè yo sou lè, likid ak solid.
- Fè rechèch sou pwopriyete diferan kalite sòl. Pa egzanp, obsève diferan koulè yo, teksti yo, materyèl yo, ak kapasite yo pou konsève dlo.
- Obsève ak dekri pwopriyete fizik wòch yo —pa egzanp, dimansyon yo, fòm yo, koulè yo, epi si genyen kèk fosil nan wòch yo.
- Konnen pwosesis tankou konjelasyon, dekonjelasyon, ak klima epize chanje sifas latè apre yon sèten tan.
- Idantifye bagay ki fè plant yo sanble ak bagay ki fè plant yo diferan.
- Rekonèt plant yo sanble anpil ak paran yo epi ak lòt plant menm espès la.
- Rekonèt plant yo repwodui apati grenn semans.
- Rekonèt ke plant yo bezwen limyè, lè, dlo ak eleman nitritif pou yo ka viv ak lite.
- Rekonèt plant yo reyaji nan chanjman ki nan anviwònman yo, tankou tanperati oswa lapli.

Aprantisaj lakay

Ankouraje pitit ou kòmanse yon koleksyon wòch. Kòmanse avèk wòch ki nan katye ou ak sa ki nan lòt pati vil Nouyòk. Ajoute wòch ou pran kote ou vizite yo pandan ou an vakans avèk fanmi ou, epi mande manm fanmi ou ak zanmi ou ki vwayaje pou yo pote wòch yo pran lòt kote.

Fè plan avèk fanmi ou pou vizite koleksyon wòch ak mineral nan American Museum of Natural History ki nan Upper West Side. Pitit ou kapab itilize gid pratik mize a sou Entènèt tou pou idantifye ak konpare wòch yo. Ale sou sit wèb www.amnh.org/nationalcenter/online_field_journal/. Klike sou “Field Journals” epi chwazi “Rocks”. Chèche materyèl sou wòch ak fosil sou sit wèb mize pou timoun, Ology, www.amnh.org/ology.

Fè yon ti pwomnad nan Central park oswa nan yon lòt pak vil Nouyòk ki toupre katye ou. Chèche sifas ki ekspoze yo, tankou espas kote yon rivyè koule oswa mòn ki montre efè dlo, van oswa lòt eleman. Pale osijè fason kote sa yo te rive jan yo ye a.



Aprantisaj lakay

Chèche tan pou pale ak fanmi w sou bagay ki enpòtan pou fanmi w ak kominote w.

Pwomennen nan katye ou epi mande pitit ou pou li montre diferan bagay vil ou ofri pou fè lavi a vin pi bon pou moun k ap viv ladan. Pa egzanp, lekòl yo, pano trafik yo, ranmasaj fatra, lapolis ak ponpye, ak lòt sèvis yo.

Vizite Mize Lapolis vil Nouyòk, www.nypolicemuseum.org oswa Mize Ponpye vil Nouyòk, www.nycfiremuseum.org pou aprann fason de pwofesyon enpòtan sa yo ap sèvi kominote vil Nouyòk la.

Ede pitit ou fè yon drapo pèsònèl sou Entènèt pou reprezante eritaj ak valè fanmi ou. Ale sou sit wèb www.wearemulticolored.org, yon pwòje New York's Lower Eastside Tenement Museum.



Syans sosyal

Nan syans sosyal klas dezyèm ane, elèv yo ap fè dekouvèt pwòp konsèp pa yo ak konsèp lòt kominote ki Etazini.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konprann lide kle sou kominote yo ak sou rejyon lokal yo, tankou fason yo gouvène vil Nouyòk, ki genyen senk minisipalite, epitou vil la se yon sant komèsyal enpòtan pou Etazini ak pou monn lan.
- Konprann fason diferan kominote yo ede satisfè bezwen ak dezi moun yo. Pa egzanp, yon kominote riral kiltive manje epi yon kominote iben se kote moun achte ak vann machandiz.
- Eksplike kouman jewografi enfluyans kominote.
- Di kouman sitwayen devlope regleman ak lwa pou pwoteje kominote a ak manm li.
- Devlope yon konpreyansyon moun, tradisyon, pratik ak lide ki fòme diferan kominote yo.
- Pale osijè kote enpòtan nan kominote yo ak nan vil Nouyòk epi dekri yo.
- Konprann ak eksplike kouman ak rezon ki fè vil Nouyòk chanje apre yon sèten tan.
- Itilizasyon senbòl pou kreye dyagram ki montre karakteristik kominote pa yo ak lòt kominote vil Nouyòk.
- Aprann kouman kominote yo itilize taks pou peye pou sèvis yo ofri yo, tankou lekòl, pak, ranmasaj fatra, lapolis ak ponpye.
- Konprann kouman senbòl sitwayèn, tankou drapo oswa so vil ak eta yo kominike valè ak tradisyon kominote a.

Plis konesans ak aptitud enpòtan

Elèv klas dezyèm ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.

- **Boza** : Elèv klas dezyèm ane yo ap patisipe nan boza vizyèl, dans, mizik ak teyat. Y ap angaje nan fè boza orijinal avèk materyèl, lang ak konsèp chak fòm boza; patisipe nan ekspozisyon ak pèfòmans nan mize yo, teyat yo ak lòt resous ki nan kominote yo; epi vin genyen konesans sou karyè nan boza. Pou plis detay ale sou : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Egzèsis fizik ak sante** : Elèv yo ap angaje nan divès kalite opòtinite pou yo aktif sou plan fizik, aprann fason pou pran bon desizyon pou sante yo, devlope yon mòdvi an sante, epi fè divès kalite aktivite fizik tradisyonèl ak modèn. Pou plis detay, ale sou : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Nan fen ane a, elèv dezyèm ane kapab poze kesyon "I wonder" (M ap mande) sou yon sijè rechèch; swiv yon pwosesis pou sijè rechèch nan bibliyotèk; ekri, desine lide ak detay sipò oswa fè yon pwosè vèbal pou yo sou sijè rechèch yo ; prezante enfòmasyon nan diferan fason; epi montre yo konprann istwa yo li poukont yo oswa istwa moun k ap travay nan bibliyotèk la li pou yo. Pou plis detay ale sou : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Teknoloji** : Elèv klas dezyèm ane yo abitye avèk itilizasyon kouran teknoloji nan lavi toulejou. Pwofesè yo ak elèv yo ap kòmanse diskite sou itilizasyon sennesòf ak akseptab resous sit wèb la. Elèv klas dezyèm ane yo kapab chwazi kounye a zouti teknoloji apwopriye pou rezoud pwoblèm patikilye (tankou yon pwogram desen pou fè yon desen oswa lojisye prezantasyon pou kominike ak ilistre yon lide). Elèv yo ap prezante travay yo avèk divès kalite medya (tankou lojisye prezantasyon ak modèl bilten enfòmasyon) epi y ap itilize paj sit wèb kòm resous pou kolaj desen, mizik ak resous pou zenfòmasyon. Pou plis detay ale sou : www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon rezime sou anpil nòm pitit ou ap aprann ane sa a. Ou kapab wè kopi gid sa yo epi transfere download kopi li nan òdinatè ou pou tout klas yo, klas matènèl rive klas 8yèm ane, ansanm ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas yo sou sit wèb nou an nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak OFEA ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit wèb Ansèyman

ak Aprantisaj www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics ak sit wèb OFEA www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea. Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan ofea@schools.nyc.gov. Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.



**Department of
Education**

Joel I. Klein, Chancellor



T&I-7924 2nd (Haitian Creole)